



# Re-ouvèti New York

Direktiv Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon  
pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite veyikil, lwaye, ak lokasyon nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz 2 a, ansanm ak aktivite vant veyikil, lwaye, ak lokasyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Al gade nan Rekòmandasyon pwovizwa pou Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis ki enplike nan vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Distans Fizik</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Asire distans 6 pye ant moun yo, sòf si sekirite fonksyon prensipal aktivite a mande yon distans ki pi kout</li> <li>✓ Diminye pèsònèl kontak ak reyinyon atravè metòd tankou limite prezans an pèsòn a pèsònèl ki nesèsè a sèlman pou travay ki ankou a, epi / oswa ajiste orè travay pou ekate anplwaye ak trafik kliyan an sou yon peryòd tan long.</li> <li>✓ Pou tout aktivite vant, afèmaj oswa lokasyon veyikil, prezans fòs travay ak kliyan an dwe limite a 50% kapasite okipasyon maksimòm pou yon zòn an patikilye jan li fikse nan sètifika okipasyon an, ki enkli kliyan an, ki dwe rete a 6 pye distans youn de lòt epi, nan tout ka yo, mete yon kouvèti vizaj ki akseptab.</li> <li>✓ Si yon anplwaye akonpaye yon kliyan nan yon tès konduit, anplwaye a dwe chita sou syèj ki gen distans ki pi lwen posib de kliyan an (yo) epi mete yon kouvèti vizaj ki apwopriye.</li> <li>✓ Asire ke zòn atant yo pèmèt kliyan yo respekte règleman distans sosyal yo (pa egzanp espas pou chita ki separe de 6 pye).</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Limite prezans an pèsòn anplwaye yo a anplway ki nesèsè yo sèlman.</li> <li>✓ Modifiye itilizasyon epi / oswa limite kantite estasyon travay ak zòn pou chita yo pou manm pèsònèl la a omwen 6 pye distans nan tout direksyon epi yo p ap pataje estasyon oswa chèz san yo pa netaye epi dezenfekte ant chak itilizasyon.</li> <li>✓ Ankouraje kliyan yo fè tès vizyon, esè woutye, epi / oswa lwe sou randevou sèlman.</li> <li>✓ Modifiye dispozisyon sal ekspozisyon ak vant an detay yo pou anplwaye ak kliyan yo a pou pi piti 6 pye distans nan tout direksyon lè anplwaye yo ap travay epi kliyan yo ap vizite, amwenke gen baryè fizik ki anplis.</li> <li>✓ Redwi sikilasyon a pye nan de sans lè w afiche pano ak flèch nan sal ekspozisyon ak paking nan.</li> <li>✓ Bay antre ak sòti separe ki make klèman.</li> <li>✓ Prepare pou fè kliyan yo fè liy deyò pandan yo toujou ap kenbe distans fizik (pa egzanp, itilizasyon endis vizyèl).</li> <li>✓ Repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal.</li> <li>✓ Pèmèt kliyan yo fè tès konduit san moun pa akonpaye yo.</li> <li>✓ Fasilite pou moun rekipere epi fè depo bò lari a kote sa posib.</li> <li>✓ Limite kantite veyikil yo pou gade oswa lwe yo nan espas ki fèmen.</li> <li>✓ Diminye touche veyikil yo sof pou yon tès kontuit oswa pou lwe machin nan.</li> <li>✓ Entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas (paregzanp asansè, veyikil), sòf si tout moun kouvri figi yo. Si yo genyen plis pase yon moun, kenbe okipasyon an anba 50% kapasite maksimòm nan.</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvèti New York

Direktiv Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon  
pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite veyikil, lwaye, ak lokasyon nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz 2 a, ansanm ak aktivite vant veyikil, lwaye, ak lokasyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Al gade nan Rekòmandasyon pwovizwa pou Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis ki enplike nan vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Ekipman Pwoteksyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Asire ke chak kliyan yo antre nan etablisman yo sèlman si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab, men depi kliyan an depase laj de zan e li ka tolere kouvèti sa sou plan medikal.</li> <li>✓ Travayè yo dwe bay travayè yo yon kouvèti vizaj akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman.</li> <li>✓ Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan , rad yo, foula), mask chirijik yo ak mask pwoteksyon vizaj yo.</li> <li>✓ Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje.</li> <li>✓ Mèt travay yo dwe fòme anplwaye yo sou fason pou mete, retire, netwaye epi jete Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl yo (Personal Protective Equipment , PPE), ki enkli kouvèti vizaj yo.</li> <li>✓ Anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj lè yo a 6 pye ak kliyan oswa kòlèg travay yo ak nenpòt lè y ap entèraji ak kliyan yo.</li> <li>✓ Limite pataj objè, ak blòk, ansanm ak touche sifas moun pataje, (pa egzanp, aparèy elektwonik ak kle); oswa, egzije moun yo mete gan lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan yo; oswa, egzije moun yo lave men yo ak dezenfektan pou men avan e apre kontak.</li> <li>✓ Pou tès konduit veyikil ki egzije plis pase yon moun, tout moun yo dwe mete yon kouvèti vizaj.</li> </ul>	
<b>Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Adere a egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan <a href="#">Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo</a> (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak <a href="#">Depatman Sante</a> (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj ak dezenfeksyon nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Nenpòt kote sa posib, ogmante van k'ap soti deyò a (egz: ouvèti fenèt ak pòt) pandan n'ap kenbe prekosyon sekirite yo.</li> <li>✓ Evite lwe oswa bay veyikil pou tès konduit ki ka difisil pou netwaye epi dezenfekte (pa egzanp, syèj an tisi).</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvèti New York



NEW  
YORK  
STATE

## Direktiv Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite veyikil, lwaye, ak lokasyon nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz 2 a, ansanm ak aktivite vant veyikil, lwaye, ak lokasyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Al gade nan Rekòmandasyon pwovizwa pou Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis ki enplike nan vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Bay e kenbe estasyon ijyèn men sou plas, ansanm ak lave men ak savon, dlo, ak papye, ansanm ak dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib. Yo dwe mete dezenfektan pou men nan tout kote a.</li> <li>✓ Bay founiti pou netwaye ak dezenfekte apwopriye epi ankouraje moun yo pou yo sèvi avèk founiti sa yo anvan ak apre itilizasyon sifas plizyè moun manyen ak sa moun manyen souvan, epi pou yo pratike ijyèn men apre sa.</li> <li>✓ Asire règleman distans yo respekte nan twalèt yo lè yo diminye kapasite a kote sa ka fèt.</li> <li>✓ Netwaye ak dezenfekte regilyèman pozisyon oswa etablisman an epi reyalize netwayaj ak dezenfeksyon pou espas ki anba gwo risk moun itilize yo (pa egzanp twalèt yo) ak pou sifas yo touche souvan yo, nan itilize <a href="#">pwodwi</a> Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la idantifye kòm efikas kont COVID-19.</li> <li>✓ Netwaye epi dezenfekte chak veyikil (andedan ak deyò) ak kle yo anvan kliyan an pase pran oswa fè tès konduit la ak apre kliyan an depoze veyikil la</li> <li>✓ Si pwodui pou netwaye oswa dezenfekte yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa ekipman yo, mete anplas pòs ijyèn men pou apre itilizasyon yo ak/oswa bay gan ki ka jete epi/oswa limite kantite moun k ap touche materyèl sa yo.</li> <li>✓ Entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa nan stil bifè.)</li> <li>✓ Mete veso toupatou nan batiman an pou jete bagay sal, pami yo PPE.</li> <li>✓ Fèmen tout komodit yo ki enkli bar sèvis lib, distribitè otomatik, kafe ak sal pou manje.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Netwayaj ak dekontaminasyon enstalasyon, sifas pataje, ak lòt kote yo, ansanm ak objè pataje yodwe fèt omwen ase souvan ke travayè yo chanje estasyon travay swa kliyan yo touche veyikil yo.</li> </ul>
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo.</li> </ul>	

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvèti New York

Direktiv Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon  
pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite veyikil, lwaye, ak lokasyon nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz 2 a, ansanm ak aktivite vant veyikil, lwaye, ak lokasyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Al gade nan Rekòmandasyon pwovizwa pou Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis ki enplike nan vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Kominikasyon (kontinye)</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Afiche siyalizasyon nan tout etablisman an pou raple moun yo pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.</li> <li>✓ Si yon travayè teste pozitif pou COVID-19, administratè a dwe fè depatman sante eta ak lokal yo konn sa touswit epi koopere avèk efò pou retrase kontak yo, epi tou mete okouran kontak posib yo, tankou travayè oswa vizitè ki te gen kontak sere avèk moun nan, an menm tan kenbe konfidansyalite lwa ak règleman eta ak federal yo egzijè a.</li> <li>✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Devlope sitwèb, tèks ak imel gwoup, ak kanpay rezo sosyo yo pou bay enfòmasyon pou anplwaye ak kliyan yo.</li> <li>✓ Chanje papras yo an transmisyon elektwonik epi kominike ak kliyan yo pa telefòn, imel, oswa videyo konferans lè sa kapab.</li> <li>✓ Elabore yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak menm metòd yo pou bay moun yo enfòmasyon.</li> </ul>
<b>Depistaj</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete lakay yo oswa retounen lakay si yo tonbe malad nan travay la.</li> <li>✓ Yo pa ta dwe pèmèt yon moun ki teste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan espas la epi yo ta dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante yo pou evalyasyon ak tès.</li> <li>✓ Gen yon plan pou netwayaj, dezenfeksyon, ak rechèch kontak nan moman yon ka pozitif.</li> <li>✓ Mete anplas evalyasyon depistaj sante obligatwa (egzanp, kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye, kontraktè ak lòt vizitè k 'ap poze kesyon konsènan (1) <a href="#">sentòm</a> COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) gen tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere oswa kontak pwòch ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo. Repons yo dwe revize ak dokimante chak jou.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Kenbe yon rejis tout tan pou chak moun, gen ladan travayè ak vizitè yo, ki gendwa gen kontak sere oswa pwòch ak lòt moun nan sit oswa espas rasanbleman an; san konte livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo. Yo pa egzijè pou rejis la kenbe yon lis kliyan.</li> <li>✓ Se moun ki abitye ak pwotokòl CDC, DOH ak OSHA yo ki dwe fòme moun k ap fè depistaj yo epi yo dwe mete ekipman pwoteksyon (PPE) ki apwopriye, ki gen ladan omwen, yon pwoteksyon figi.</li> <li>✓ Yo pa ka mande kliyan yo fè depistaj sante oswabay enfòmasyon kontak men yo ka ankouraje yo fè sa.</li> <li>✓ Anouraje kliyan yo bay enfòmasyon pou kontakte yo pou yo kapab enskri yo epi kontakte yo pou retrase kontak, si sa nesèsè.</li> <li>✓ Fè depistaj yo a distans (egz. nan telefòn oswa anklè elektwonik), anvan moun yo rive, nan mezi sa posib.</li> <li>✓ Kowòdone depistaj pou anpeche anplwaye yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.</li> <li>✓ Ale li <a href="#">konsèy</a> DOH konsènan pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la.</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.